

# Lè W ap Voye Imèl bay PBGC: Pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou

*Nòt: Lyen yo ka mennen ou nan yon paj wèb an Anglè*

Kliyan PBGC kapab kounye a kominike avèk nou pa imèl. Ou ka ekri nou yon imèl nan lang ou, epi nou ap tradwi li pou ou.

Sa vle di ou ka voye fòmilè yo tou ranpli ak demann ou yo san ou pa bezwen rele nimewo 1-800 a.

Vòl idantite ak lòt krim sou entènèt kontinye ap vin yon pwoblèm k ap grandi. Kidonk, lè ou ap voye imèl ba nou, tanpri pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou.

**Pa mete ladan nimewo Sekirite Sosyal oswa lòt done idantite w nan liy sijè a oswa kò imèl ou. Epitou, voye tout attachman yo nan fòma JPEG (imaj) oswa fòma PDF.**

Pou sekirite ou, imèl ou voye bay PBGC dwe swiv direktiv sa yo:

- **Nan liy sijè a:** Sou Ki sa imèl ou a ye (pa mete ladan enfòmasyon pèsonèl ou tankou nimewo Sekirite Sosyal oswa nimewo telefòn ou)
- **Nan kò imèl la, tanpri mete:**
  - non konplè ou
  - nimewo ID kliyan PBGC (si ou konnen li)
  - metòd kontak prefere ou (telefòn oswa imèl)
  - nimewo telefòn
  - non plan pansyon ak/ oswa nimewo plan an
  - Si w ap voye dokiman, ou dwe voye yo kòm **attachman** nan imèl ou nan swa fòma JPEG (imaj) oswa fòma PDF. Tanpri, pa entegre foto nan kò imèl ou. Dokiman tipik ou voye bay PBGC yo gen ladan lèt demann verifikasyon revni, akt desè, ak fòmilè PBGC tou ranpli tankou [Depo Dirèk](#).

Si nou bezwen plis enfòmasyon nan men ou, n ap kontakte w pou bay li nan telefòn oswa nan yon fason ki an sekirite.

**Adrès imèl nou: [CustomerService@pbgc.gov](mailto:CustomerService@pbgc.gov)**

## Lòt metòd pou kontakte PBGC

### **MyPBA: Aksè ak benefis panson mwen**

Sèvis nou an sou entènèt ki gen bon jan sekirite pèmèt ou mete ajou enfòmasyon kontak ou, aplike pou benefis panson, oswa chwazi lòt opsyon sèvis ou ka fè pou pwòp tèt ou.

**Rele: [1-800-400-7242](tel:18004007242)**

Lè Sant Kontak Kliyantèl PBGC yo se 8:00 nan maten jiska 7:00 nan aswè nan Lè Lwès yo (Eastern Time), Lendi pou Vandredi (eksepte jou ferye federal yo).

Itilizatè TTY/ASCII yo (Kòd Estanda Ameriken pou Echanje Enfòmasyon) ka rele 711.

Moun k ap fè apèl entènasyonal yo sou telefòn mobil yo rele 1-800-400-7242. Si w ap rele nan yon liy telefòn fiks, tanpri rele 202-326-4000, epi peze "0" pou pale ak yon Reprezantan Sèvis Kliyantèl la.

Pou ede nou sèvi ou pi byen, tanpri gen enfòmasyon sa yo disponib lè ou rele:

- Nimewo konplè Sekirite Sosyal ou.
- Non oswa nimewo plan ou a, ke ou ka jwenn nan kwen anwo adwat nan lèt PBGC te voye a.

**Faks: [202-229-4047](tel:2022294047)**

Lè w ap fè faks mete ladan non konplè ou, ID kliyan ou, oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou nan tèt chak dokiman, ansanm ak demann ou an. Tanpri tann kat a sis semèn pou PBGC reponn a demann ou an.

**Adrès lapòs**

PBGC  
PO Box 151750  
Alexandria, VA 22315-1750

Mete non konplè ou, ID kliyan ou, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou nan tèt chak dokiman, ansanm ak demann ou an. Tanpri tann kat a sis semèn pou PBGC reponn demann ou an.

---

### **Deklarasyon Lwa Sou Enfòmasyon Prive**

Lwa sou enfòmasyon Prive (Privacy Act) 1974 la, jan yo te amande la, 5 U.S.C. § 552a mande PBGC pou ba ou avi sa a lè y ap kolekte enfòmasyon nan men ou. PBGC itilize enfòmasyon nou kolekte isit la, ki gen ladan non ou, enfòmasyon sou kontak ou, ak rezon pou kontakte PBGC, pou idantifye ou nan sistèm PBGC ak kontakte ou an repons ak demann ou an. Repons ou an volontè. Sepandan, Si ou pa bay PBGC enfòmasyon yo, ki gen ladan non ou, enfòmasyon kontak ou, ak rezon pou kontakte PBGC, sa ka retade oswa anpeche PBGC kontakte ou.

PBGC ka lage enfòmasyon sou ou bay lòt moun ak antite lè sa nesesè ak apwopriye dapre seksyon 5 U.S.C. § 552a (b) nan Lwa sou enfòmasyon prive a, ki gen ladan moun ki gen kontra ak PBGC ki ap jere demann kliyan yo; pou konfòme yo anba lwa Federal ki mande divilge enfòmasyon ki nan dosye nou yo; pou fasilite rechèch estatistik, ak odit oswa zafè envestigatif(ankèt).

PBGC ka bay enfòmasyon tou sou ou pou ajans lapolis federal, lapolis leta, lapolis lokal oswa lapolis tribal lè PBGC vin okouran de yon vyolasyon posib sou lwa sivil oswa lwa kriminèl. Si PBGC, yon anplwaye nan PBGC, Etazini, oswa yon lòt ajans Ozetazini, ki enplike nan litij, PBGC ka bay enfòmasyon ki enpòtan sou ou nan yon tribunal oswa lòt kò jidisyè oswa nan Depatman Jistis lè li reprezante PBGC. PBGC ka bay enfòmasyon tou sou ou nan Biwo Jesyon ak Bidjè an koneksyon avèk revizyon sou lejislasyon sou èd prive oswa nan yon biwo Kongrè an repons a yon ankèt ke biwo a fè sou ou sou demann ou an. Enfòmasyon sa a ka divilge tou pou nenpòt nan woutin jeneral PBGC a itilize jan yo pibliye sa nan Rejis Federal la.

PBGC pibliye avi nan Rejis Federal la ki dekri an plis detay lè enfòmasyon sou ou ka disponib pou lòt moun. Ou ka jwenn Yon kopi avi Rejis Federal ki pi resan sou entènèt nan PBGC.gov/privacy.